

Sipòte lang ak alfabetizasyon



8 Lane: Konpreyansyon ak lekti pou aprann

Alfabetizasyon se plis pase jis li mo sou yon paj. Se konprann istwa a, aprann konnen pèsonaj yo, epi eseye devine sa ki pral rive apre. Pitit ou ap prepare pou pase de etap kote li ap aprann li rive nan etap kote li ap li pou aprann. Si pitit ou gen difikilte pou konprann sa li li, li ka bezwen plis èd pou bati vokabilè li oswa pou pratike ladrès fonetik yo.

Konsèy ak Aktivite



Pandan pitit ou ap li awotvwa, ede li trete sa li ap li a lè ou poze kesyon sou diferan aspè nan istwa a, pa egzanp kiyès, kisa, kilè, ki kote, ak poukisa.

Mande pitit ou pran defi pou li epi chèche konprann sans nouvo mo yo lè li sèvi ak ladrès tankou fonetik, endis nan kontèks la, ak imaj.



Eksplere yon tèm pitit ou ap etidye nan klas la nan nouvo fason, pa egzanp plant, avyon, elatriye.



Fè koneksyon

Lè yon liv mansyone yon kote ou te ale avèk pitit ou oswa aktivite nou te fè ansanm, pale sou souvni sa yo. Lè timoun yo konekte sa yo deja konnen ak sa y ap li, sa ede yo konsantre.

Etap tipik langaj



Konnen epi aplike relasyon ki genyen ant son ak lèt pou li dekode mo ki koresponn ak nivo klas li

Kòmanse li ak presizyon, ak vitès ki apwopriye, ak ekspresyon pou sipòte

Dekri fason pèsonaj yo reyaji lè gen evènman nan istwa a

Pale klè, ak yon vitès moun ka konprann

Detèmine si liv yo se fiksyon oswa pa fiksyon

Deteksyon bonè se entèvansyon

Pitit ou ap aprann tout tan! Antanke moun k ap pran swen, ou gen yon bèl okazyon pou gide yo sou yon chimen ki mennen nan siksè.

.....



Si ou remake pitit ou gen difikilte ak yon ladrès, li pa rive atenn plizyè etap enpòtan, oswa si ou santi gen yon bagay ki pa twò nòmal, **pale ak founisè swen sante pitit ou a.**

Kèk konsèy pou ede ou menm ak pitit ou reyisi lè w ap pale ak founisè swen sante li a:

**Kenbe
yon
journal**

Ekri bagay ou remake pitit ou ap fè, oswa li pa fè, ki fè ou santi ou enkyete.

**Sèvi ak
resous
ou yo**

Eksplòre sitwèb ki nan lis pi ba yo pou jwenn lis etap enpòtan yo, lis siy avètisman bonè, videyo, ak plis ankò.

**Fè
entwisyon
ou
konfyans**

Se ou ki pi byen konnen pitit ou e ou se pi bon moun ki ka defann li. Pa pè pran lapawòl.

Lòt resous

[Harvard University: Center on the Developing Child](#)

[The Lexile Framework for Reading](#)

[Sesame Workshop](#)

[Pathways: Kominikasyon](#)

[Reading Rockets](#)